

## **PREPARE W. KONTINYE AK KOUVÈTI ASIRANS LA.**

Ale nan [www.staycovered.ri.gov](http://www.staycovered.ri.gov) pou ka gen plis enfòmasyon sou renouvèlman Medicaid epi pou jwenn èd.

Nap ekri w pou n ba w enfòmasyon ki enpòtan konsènan benefis asirans sante Medicaid ou. Nan dat 1ye avril, yo pral rekòmanse ak renouvèlman anyèl pou elijibilite Medicaid yo. Renouvèlman yo pèmèt nou konfime ke chak moun ki nan Medicaid rete elijib.

Nou te sispann renouvèlman anyèl yo pou n te ka fè bagay yo vin pi fasil nan peryòd ki te gen ijans sante piblik federal COVID-19 la. Kounye a, gouvènman federal la egzije pou n rekòmanse ak pwosesis la ankò. Ou pral resevwa nouvèl nou konsènan kouvèti asirans ou a ant 1ye avril 2023 ak 31 mas 2024. Li enpòtan pou n konnen kijan pou n kontakte w pou n ka kontinye ba w enfòmasyon pandan pwosesis sa a.

### **MEN SA W GEN POU W FÈ JODIYA**

Asire w ke enfòmasyon pou n kontakte w yo kòrèk. Men kijan w ka fè sa:

1. Sou òdinatè oswa telefòn entelijan:

- Ale nan [www.healthyrhode.ri.gov](http://www.healthyrhode.ri.gov) oswa teledchaje aplikasyon mobil HealthyRhode la epi konekte w.
- Klike sou “My Profile” (Pwofil Mwen). Epi klike sou “My Contact Information.” (Enfòmasyon Pou Kontakte M)
- Tcheke non w, adrès postal ou, nimewo telefòn ou (yo), ak adrès imèl ou. Sovgade tout chanjman.
- Enskri w pou resevwa mesaj tèks sou kouvèti asirans ou a. Klike sou “My Contact Information” (Enfòmasyon Pou Kontakte Mwen) epi tcheke “Sign Up for Text Messages” (Enskri pou Mesaj Tèks).

2. Nan telefòn:

- Rele nimewo ki sou kat asirans ou an si w gen Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health Plan (RITogether) oswa UnitedHealthcare Community Plan (UHCCP). Oswa, rele HealthSource RI (HSRI) de 8 a.m. jiska 6 p.m. jou lasemèn yo nan 1-855-840-4774.

### **MEN SA W DWE FÈ POU PWOTEJE ENFÒMASYON W YO**

Si w resevwa yon apèl oswa yon lèt ki pa sanble li kòrèk, kontakte Inite Fwòd la (Fraud Unit) nan (401) 574-8175 oswa ale nan [www.omb.ri.gov/internal-audit/fraud-hotline](http://www.omb.ri.gov/internal-audit/fraud-hotline) pou rapòte l. Nanpwen frè pou peye pou mete enfòmasyon kontak ou ajou, epitou anplwaye Depatman Sèvis Sosyal (Department of Human Services, DHS) ak anplwaye HSRI yo pa dwe janm mande w pou bay Nimewo Idantite Pèsonèl (PIN) ou ni modpas ou. Si nou bezwen kontakte w, ou ka resevwa yon apèl ki soti nan DHS nan nimewo 1-855-697-4347 oswa HSRI. Anjeneral idantifikatè apèl yo (Caller ID) make HealthSource RI. Mesaj tèks yo ap soti nan nimewo 71536.

### **MEN SA W DWE KONNEN KONSÈNAN RENOUVÈLMAN MEDICAID OU**

#### **Men Kijan Pou Jwenn Dat Renouvèlman w lan**

Pou w ka jwenn dat ou sipoze fè renouvèlman Medicaid la, annik konekte w nan kont ou nan [www.healthyrhode.ri.gov](http://www.healthyrhode.ri.gov). Lè w konekte w, wap wè “My Renewal Information” (Enfòmasyon Renouvèlman Mwen) kap afiche.

#### **Men Kijan Nap Avize W Ke Li Lè Pou Renouvle**

Lè w resevwa yon “Recertification/Renewal Notice” (Avi Resètifikasyon/Renovèlman) jòn ant 1ye avril 2023 ak 31 mas 2024, sa pral lè pou renouvle. Anba antèt la, yap ekri sou avi jòn ou an swa:

1. "The people listed below will be automatically renewed for Medicaid." (Moun ki gen non yo make anba a pral renouvle otomatikman pou Medicaid.)
  - Si w wè se sa ki make sou avi w la, tanpri verifye enfòmasyon ki make nan avi a epi fè nou konnen si gen chanjman oswa erè.

-OSWA-

2. "The individuals listed below are up for Medicaid renewal. Some of these individuals may no longer be automatically renewed for Medicaid based on the current information in your account." (Li lè pou moun ki gen non yo make anba a renouvle Medicaid yo. Yo ka pa renouvle kèk nan moun sa yo otomatikman pou Medicaid dapre enfòmasyon aktyèl ki nan kont ou a.)
  - Si w wè avi w la di byento ou pral resevwa yon avi ki make "Additional Documentation Required" (Dokiman Adisyonèl Obligatwa.) Lè w resevwa l, tanpri rasanble tout dokiman yo egzijje yo epi voye yo pou nou anvan dat limit ki make sou avi a.
  - Etan dat limit ou a ap pwoche, nou pral voye yon nòt pou n raple w ke ou dwe soumèt enfòmasyon w sizoka nou pa resevwa l.

### **Men Sa Pou Konnen Konsènan Sikonstans Espesyal yo**

Pwosede renouvèlman elijibilite Medicaid la ap diferan pou sèten moun ki gen sikonstans espesyal ki afekte elijibilite yo. Si nou konnen ke w fè pati de gwoup sa a, ou pap resevwa yon avi jòn. Ou pral resevwa yon Avi vèt ki make "Special Circumstance" (Sikonstans Espesyal) kap di w kisa pou fè.

Si w te chwazi pou pa resevwa dokiman yo pa lapòs, ou ka ale nan kont ou anliy pou li tout avi w yo nan [www.healthyrhode.ri.gov](http://www.healthyrhode.ri.gov).

### **MEN KIJAN POU SOUMÈT DOKIMAN YO EGZIJE YO**

Ou ka soumèt sèten dokiman yo egzijje lè w konekte w nan kont ou nan [www.healthyrhode.ri.gov](http://www.healthyrhode.ri.gov) oswa lè w itilize aplikasyon HealthyRhode la.

Pou soumèt fòmilè renouvèlman Medicaid ou siyen an ansanm ak lòt dokiman yo egzijje, ou ka:

- Ale nan RI DHS Scan Center ki nan 1 Reservoir Ave. nan Providence ant 8:30 a.m. e 4 p.m., de lendi jiska vandredi (eksepte nan jou konje yo) Pote dokiman w yo pou manm pèsonèl nou yo ka eskane yo nan sistèm nou an.
- Poste dokiman yo (tanpri voye fotokopi sèlman epi kenbe orijinal yo nan dosye w) nan P.O. Box 8709, Cranston, Rhode Island 02920-8787

Yon fwa w soumèt enfòmasyon w kòm sadwa, nou pral voye yon avi pou n di w mèsi. Sa vle di nou resevwa enfòmasyon w yo e n ap egzamine yo.

### **MEN KIJAN NOU PRAL AVIZE W KONSÈNAN ESTATI KOUVÈTI ASIRANS OU**

Yon fwa nou fin travay sou renouvèlman w lan, ou pral resevwa yon "Benefit Decision Notice" (Avis sou Desizyon Benefis). Avi sa a ap fè w konnen si yo apwouve oswa refize kouvèti Medicaid ou. Si yo refize ba w kouvèti asirans Medicaid, Avi sou Desizyon Benefis ou a ap fè w konnen lòt opsyon ki genyen pou ka kenbe kouvèti asirans la.

- Si w elijib pou yon plan HealthSource RI ke Eta a peye pandan de (2) mwa, lap make nan Avi sou Desizyon Benefis ou a.
- Si w pa dakò ak desizyon nou pran konsènan benefis ou yo, annik suiv pwosedi yo dekri nan Avi sou Desizyon Benefis ou pou konteste desizyon an.

Ale nan [www.staycovered.ri.gov](http://www.staycovered.ri.gov) pou ka gen plis enfòmasyon sou renouvèlman Medicaid ak sou kijan pou w jwenn èd.